

Deklarasyon Enpak Ekite pou Pwopozisyon ak Prezantasyon Komite Skolè a

Tit : Mizajou sou reouvèti a _____

Dat : 13 Janvyè 2021 _____

Èske yo te itilize **ZOUTI PLANIFIKASYON EKITE RASYAL BPS** la? (Wi oubyen Non): Wi _____

Seksyon ki gen rapò ak zouti planifikasyon ekite rasyal BPS yo	Rezime/Motif
<p>1. Pwopozisyon/Prezantasyon ak Enpak <i>Ki rezilta ak ki enpak yo vle jwenn kòm rezilta pwopozisyon an oswa prezantasyon an? Kiyès ki te dirije pwosesis sa a epi èske yo reflekte divèsite elèv oswa fanmi BPS yo?</i></p>	<p>Prezantasyon sa a ap bay yon mizajou sou pwogrè aktyèl distri a nan pwosesis relouvri travay la ki gen ladan: jefò k ap fèt pou relouvri san danje lekòl pou elèv yo ak anplwaye yo, sipò kontinyèl pou angajman elèv yo ak sansibilizasyon pou fanmi yo epi yon mizajou sou kondisyon tan pou elèv yo aprann.</p>
<p>2. Aliyman avèk Plan Estratejik la <i>Ki jan pwopozisyon oswa prezantasyon an aliyen ak plan estratejik distri a?</i></p>	<p>Travay n ap fè pou relouvri lekòl yo san danje aliyen ak angajman plan estratejik sa yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> - Bay valè ak lide tout moun - Elimine lakin nan sa a ki gen rapò ak opòtinite ak objektif - Akselere pwosesis aprantisaj la
<p>3. Analiz done <i>Ki done w te itilize pou analize pwoblèm oswa ka a? Èske li te repati pa ras? Ki sa li te montre konsènan diferans ki gen nan popilasyon yo majinalize yo dapre listwa?</i></p>	<p>Yo te konsidere opsyon reouvèti yo pa rapò ak done repatisyon pa ras epi estati sosyoekonomik. Desizyon nou an pran an konsiderasyon priyorite pou elèv ki andikape yo, elèv k ap aprann anglè yo ak elèv ki gen edikasyon fòmèl ki limite oswa ki te fè yon kanpe nan afè lekòl (SLIFE, <i>an anglè</i>), elèv koulè yo, elèv sanzabri yo ak elèv ekip sipò pou elèv yo idantifye (SSTs, <i>an anglè</i>) selon konsantman yo ak fanmi ki bezwen nan yon lokal fizik pou aprann . Done ki gen rapò ak aprantisaj a distans, ki gen ladan asistans, aktivite sou entènèt ak aksè ak aparèy òdinatè disponib nan yon seri tablodbò pou lekòl yo, responsab distri yo ak gran piblik la. Yo mete yo ajou chak semèn. Pou dènye nouvel espesifik ki nan prezantasyon sa a, done sou distribisyon Chromebook yo, distribisyon bon (koupon) entènèt, ak nòt "Pa gen kredi" yo repati pa ras.</p>
<p>4. Angajman pati entereze yo <i>Ki moun yo te angaje (kantite, demografik ak wòl), kijan ak kisa sa bay ? Kisa elèv oswa fanmi ki pi afekte pa pwopozisyon oswa prezantasyon an te di ?</i></p>	<p>Anplwaye biwo santral la, ki gen ladan l reprezantan Biwo Edikasyon Espesyal, Biwo Done ak Responsablite, Divizyon sou Tretman san patipri, ekip Strateji ak Mankman nan Opòtinite ap bay Gwoup Travay HIPP a sipò nan reyinyon chak semèn yo, apati 2 novanm. Gwoup travay 28 manm nan gen ladan l paran, elèv, reprezantan BTU ak lidè lekòl, epi gen yon manm nan biwo santral la ak yon manm BTU k ap dirije li ansanm. Anplis de sa, gwoup travay sou pwosesis reouvèti a ki te an fonksyon pandan mwa out ak septanm 2020 an egzijè distri a ak BTU pou yo kolabore atravè 9 soukomite yo pou enfòmè reouvèti a. Depi lè sa a, gwoup travay la evolye pou sipòte rezolisyon pwoblèm ki gen rapò ak aplikasyon yon orè kreyatif pou pwosesis aprantisaj an pèsòn yo.</p>
<p>5. Estrateji Ekite Rasyal <i>Ki jan pwopozisyon sa a oswa prezantasyon sa a bese diferans yo epi ogmante ekite, patikilyèman ekite rasyal? Ki konsekans ki pa volontè? Ki estrateji konplèmanchè ki pral pèmèt pwosesis ekite a vanse pi lwen?</i></p>	<p>Pwosesis aprantisaj an pèsòn nan bay priyorite a yon gwoup elèv ki gen gwo priyorite an pèsòn (HIPP) nou kwè ki pi afekte pa aprantisaj a distans la. Sa a kite prèske 50.000 elèv k ap aprann lakay yo, kidonk li enpòtan anpil pou nou kontinye amelyore efikasite ansèyman a distans yo. Nan sezon prentan an, yo te aplike atant pou aprantisaj a distans yo depi 4 me, ki gen ladan yo enstriksyon pou estriktire aprantisaj la. Pandan tan sa a, gen an mwayèn 83%</p>

	<p>asistans elèv chak jou epi gen 51% elèv an mwayèn ki patisipe nan aktivite chak jou sou entènèt la. Eksperyans yo varye anpil, e byenke sondaj avèk elèv yo endike elèv yo te santi yo jwenn sipòte nan men lekòl yo, sèlman 33% elèv te mansyone yo te kontan pou yo swiv klas a distans yo. Menm jan an tou, se sèlman 19% nan pwofesè yo ki rapòte yo santi yo alèz pou yo sipòte elèv ki bezwen sipò ki pi akademik yo. Sa yo ak lòt done ankò mennen BPS aplike plizyè amelyorasyon, ki gen ladan li bay yon sistèm jesyon aprantisaj espesyalman pou klas ki pi piti yo ki gen ladan yo yon fason pou fanmi yo kominike, byen kominike pwotokòl asistans yo ak kouman pou yo fè diferans ant asistans a distans ak asistans fizik, lanse Panorama Siksè Elèv la (Panorama Student Success) pou ede pwofesè yo devlope epi kontwole plan siksè elèv yo epi bay pwofesè yo ak lòt anplwaye lekòl la opòtinite pou devlopman pwofesyonèl sou sa a ki gen rapò ak reyisit nan pratik aprantisaj a distans. Jefò pou devlopman pwofesyonèl yo gen ladan li lansman kominote aprantisaj pwofesyonèl (PLCs) an rezo teleskòp ki dirije pa pwofesè yo sezon otòn sa a e ki baze sou bonjan kalite pratik a distans ak pratik konplèks.</p>
<p>6 Bidjè ak Ekzekisyon <i>Ki enpak bidjè a fè? Kouman ekzekisyon an ap rasire pou objektif ekite yo respekte? Èske gen dirijan ak pèsònèl ki nwa, ki latino ki pote yon pwennvi ekite rasyal?</i></p>	<p>Pou louvri pou gwoup aktyèl elèv ki gen gwo priyorite an pèsòn (HIPP), distri a te chwazi aplike mezi sante ak sekirite adisyonèl, ki gen ladan l achte 9.500 aparèy pou pirifye lè a, bay anplwaye ak elèv ki nan klas 9yèm jiska 12yèm ane tès COVID-19 chak semèn, ofri bonjan kalite PPE (ekipman pwoteksyon pèsònèl) siperyè, fè tès adisyonèl pou kalite lè a ak tès vantilasyon nan chak lekòl k ap fonksyone, bay elèv yo sèvis transpò epi asire sèvis manje nan lokal yo, kote sa a posib. Tout mezi aplikasyon sa yo te gen gwo enpak nan bidjè a. Gwoup travay HIPP a ap kontinye kontwole enpak egalite edikasyon a distans la, aprantisaj aktyèl an pèsòn ak ekspansyon aprantisaj an pèsòn la. Toulède fasilite gwoup travay HIPP a se moun koulè nwa, menm jan ak anpil lidè lekòl ak lidè distri k ap kolabore sou planifikasyon k ap fèt pou reouvèti a. Lidè sa yo itilize pwosesis REPT la epi pote yon pwennvi egalite rasyal.</p>
<p>7. Responsablite ak Kominikasyon <i>Kouman yo pral evalye enpak, dokimante epi kominike yo ak pati enterese yo? Kiyès k ap responsab sa a?</i></p>	<p>Gwoup travay HIPP ap travay sou jefò sa yo ansanm ak dirijan distri a nan yon sans ki pi laj. Gwoup travay HIPP la ap kontinye fè reyinyon chak semèn jiskaske chak elèv ki gen priyorite pou aprantisaj fizik yo retounen lekòl. Yo te pibliye yon tablodbò ki gen ladan li done sou asistans elèv yo ak aktivite yo sou entènèt la sou sit entènèt BPS la ak done ki repati pa gwoup elèv ki pi gwo yo pou zafè rapò piblik ak responsablite.</p>